

## Deklarasyon Sou Misyon

Biwo Depatman Sekirite Nasyonal pou Dwa Sivil ak Libète Sivil la (CRCL) soutni misyon Depatman an ki se pou bay nasyon an sekirite pandan l ap prezève libète, jistis, ak egalite pou chak grenn moun devan lalwa.

CRCL entegre dwa sivil ak libète sivil nan tout aktivite Depatman an:

- Konseye direksyon an ak anplwaye yo nan Depatman an ansanm ak patnè nan nivo eta ak lokal pou yo ka pwomouvwa respè pou dwa sivil ak libète sivil lè y ap kreye ak mete règleman yo an plas.
- Kominike ak moun avèk kominote yo aktivite Depatman an kapab te afekte dwa sivil ak libète sivil yo, enfòmè yo sou règleman ak wout pou reparasyon, ak pwomouvwa atansyon anndan Depatman an ki apwopriye pou eksperyans ak enkyetid yo.
- Envestige ak rezoud plent sou dwa sivil ak libète sivil piblik la depoze sou règleman oswa aktivite Depatman an, oswa aksyon anplwaye Depatman an te pran.
- Dirije pwogram opòtinite egal pou jwenn travay Depatman an epi pwomouvwa yon anviwonman travay ki gen divèsite ak yon prensip sistèm ki baze sou merit.